

L I V G I D P O U

ANSÈYMAN

L I V G I D P O U

ANSÈYMAN

Pibliye pa
Legliz Jezikri pou Sen Dènne Jou yo
Salt Lake City, Utah

©1994, 1999, 2001 pa Intellectual Reserve, Inc.
Tout dwa rezève
Enprime nan Etazini Damerik

Apwobasyon pou anglè: 3/01
Apwobasyon pou tradiksyon: 3/01

Tradiksyon *Teaching Guidebook*
Haitian Creole

Kontni

Entwodiksyon	1
Prepare tèt nou espartyèlman	2
Anseye nan fason Jezi te anseye	4
Itilize plizyè kalite metòd ansèyman	9
Prepare leson ou	13
Konprann moun w ap anseye yo	16
Rekonpans ansèyman yo	18
Kontwole amelyorasyon enstriktè nan branch lan	19
Modèl pou kou ansèyman levanjil la	21
Jwenn materyèl Legliz yo epi chèche enfòmasyon sou Istwa Familyal	23

Distribisyon

Liv gid pou ansèyman an itilize ansanm avèk kourikoulòm debaz la epi li ka itilize tou pou enstriktè ak lòt manm ki ap itilize kourikoulòm jeneral Legliz la nan inite yo (gade *Enfòmasyon pou dirijan prèttriz yo ak òganizasyon oksilyè yo sou kourikoulòm* [36363]). Liv gid sa a ka ede manm yo amelyore ansèyman yo nan fwaye yo ak nan òganizasyon Legliz yo. Chak enstriktè dwe resevwa youn, chèf chak fanmi dwe twouve li itil tou.

Entwodiksyon

Liv gid sa a se pou paran, dirijan, ak enstriktè. Li ka itilize kòm yon pati nan efò endividyèl pou amelyore antanke yon enstriktè. Li ka itilize antanke baz pou Kou ansèyman levanjil la ak reyinyon amelyorasyon enstriktè yo (gade paj 21–22).

Senyè a te anseye nou:

Pou nou youn anseye lòt doktrin wayòm Li an.

Li te di ke nou dwe anseye avèk dilijans epi gras Li ap akonpaye nou pou nou ka vin enstwi pi pafètman an tewori, nan prensip, nan doktrin, nan lwa levanjil la, epi nan tout bagay ki an rapò avèk wayòm Bondye a ki enpòtan pou nou konprann (gade D&A 88:77-78).



Fwaye a ta dwe santral kote sa fèt. Fwaye a ap reziste pa ansèyman epi aprann sa ki fèt nan Legliz la. Nou tout gen responsablite antanke enstriktè nan kote sa yo, kidonk fwaye nou ak Legliz, epi avèk vwazyen nou ak moun n ap rankontre chak jou yo.

Nou anseye paran, pitit gason, pitit fi, mari, madanm, frè, epi sè. Nou anseye antanke dirijan nan Legliz la, enstriktè nan klas, enstriktè nan fwaye, ak enstriktè vizitè. Nou anseye tou antanke kolaboratè, vwazen, ak zanmi. Kèkfwa nou anseye pa bagay nou di ak temwayaj nou rann, menm pi souvan nou anseye pa legzanp.

Bò rivaj lanmè Galile a, Senyè resisite a te enstwi Pyè, Pran swen brebi m yo (Jan 21:16-17). Apèl pou anseye mande ke nou nourri nanm lòt moun avèk verite levanjil yo epi konsa dirije yo al jwenn Sovè a (gade Mowoni 6:4). Panse sou wòl ansèyman levanjil la nan sali pitit Papa nou ki nan Syèl la yo. Eske nou ka imajine yon travay ki pi nòb epi pi sakre pase sa?

Si ou se yon paran oubyen yon nouvo enstriktè yo fèk aple, ou dwe espesyalman gen sousi sou responsablite sa a. Sonje ke Senyè a pare pou l ede ou. Li te pwomèt ke si nou gen imilie ak lafwa, L ap “fè bagay fèb vin fò pou yo.” (Etè 12:27). Nan efò nou pou nou amelyore nou antanke enstriktè, n ap ka bati sou eksperyans nou te fè ak talan nou te devlope nan vi nou. Kapasite nou ap vin ogmante pandan ke n ap prepare nou avèk swen, pandan n ap eseye pou nou ranfòse moun n ap anseye yo, epi kwè nan Senyè a.

Prepare tèt nou espiryèlman



Pandan n ap prepare tèt nou espiryèlman, Lespri a, oswa Sentespri a, ap gide nou epi ede nou nan ansèyman nou. Sentespri a nesèsè pou anseye prensip ak verite levanjil yo. Senyè a te di n ap jwenn Lespri pa la-priyè lafwa; epi si nou pa resevwa Lespri nou pa dwe anseye (D&A 42:14). Sigjesyon ki pral bay la yo ap ede nou prepare nou pou anseye sou direksyon Sentespri a.

Resevwa yon mizapa

Lè yo aple ou pou w anseye, yo dwe mete w apa epi ba ou yon benediksyon espesyal nan men dirijan prèttriz yo. Benediksyon sa a ap ede ou akonpli apèl ou. Pandan w ap fè tout sa w konnen pou w sèvi nan apèl ou kòm enstriktè, Senyè a ap elaji potansyalite

ou pou enfluyanse lòt moun nan bon bagay. L ap menm ba ou kapasite anplis pwòp talan pa ou ak abilite ou lè sa nesèsè.



Chèche gidans Sentespri a

Chèche Sentespri a pandan w ap anseye. L ap ka ede ou konprann bezwen moun w ap anseye yo epi prepare leson ki ap rejwenn bezwen sa yo. L ap adousi kè ou epi prepare lespri ou pou w resevwa gidans ak enspirasyon anplis.

Priye souvan

Priye souvan epi mande Senyè a pou l beni ou pandan w ap etidye epi prepare ou. Kèkfwa ou ka oblije jene anplis priyè w yo. Priye pou konprann epi renmen moun w ap anseye yo. Aprann rekonèt epi suiv enspirasyon Sentespri a k ap tonbe sou ou.

Etidye ekriti yo

Nan lapriyè, etidye ekriti yo. Pandan w ap fè sa, w ap aprann sou Sovè a epi w ap grandi nan konesans laverite a. Sentespri a ap ede ou konprann ekriti yo epi gade nan ki fason yo aplike a bezwen manm klas yo ou-byen manm fanmi yo. Nan priyè ak jèn anplis pou etid ekriti yo, w ap vin jwenn fòs epi w ap gide pa Sentespri a nan ansèyman w yo.



Viv levanjil la

Viv ansèyman levanjil yo osi konplètman ou kapab. Repanti w pou peche ou te deja fè yo. Pandan w ap fè bagay sa yo, w ap resevwa fòs ak

konpreyansyon. Lapè ak bonè w ap santi nan efòse w pou viv levanjil la ap evidan pou lòt moun yo. Y ap santi senserite temwayaj ou ak pou-vwa angajman ou. Y ap vin enstwi pa egzanp lavi ou.

Yon enstriktè te gen yon moman difisil pou l te santi gidans Sentespri a pandan li t ap prepare leson li. Pandan li t ap priye pou l jwenn èd, li te reyalize ke li te fache nan kè li kont yon vwazen ki pa t janti avèk li. Li te mande Senyè a enbleman pou padone li. Nan jou apre a li te vizite vwazen an epi li te mande l eskiz paske li te gen move santiman kont li. Li menm ak vwazen an te vin pi pwòch, epi li te vin kapab yon fwa ankò jwi de gidans Sentespri a.

Gen imilite

Imilite ka ede nou evite tantasyon pou atire atansyon sou tèt nou epi konte twòp sou pwòp konesans nou oswa talan nou. Nou ka montre imilite nan suiv konsèy ki nan Pwovèb 3:5-6 la: Gen konfyans nan Senyè a avèk tout kè ou; epi pa konte sou pwòp konpreyansyon pa ou. Nan tout bagay konfese men Li, epi L ap dirije chemen ou. Senyè a te anseye ke nou gen imilite, epi Senyè a Bondye ou ap dirije ou pa men Li, epi L ap reponn priyè w yo. (D&A 112:10).

Anseye nan fason Jezi te anseye



Renmen moun w ap anseye yo

Lè li t ap viv sou tè a, Jezikri te montre anpil lanmou ak konpreyansyon pou tout moun. Li te anseye moun ki pòv, moun ki rich, moun yo te rejte, moun ki te pechè. Li te anseye nou pou renmen chak moun epi pou youn ede lòt. Li te di L ap banou yon nouvo kòmandman m ap banou, ke nou youn renmen lòt, menmjan mwen renmen nou an, nou youn dwe renmen lòt. (Jan 13:34). Amezi n ap montre lanmou pou moun n ap anseye yo, y ap vin pi pran konsyans de diyite etènèl yo, y ap vin pi antouzyas pou yo aprann, epi y ap vin pi reseptif a Lespri a.

Vin yon enstriktè levanjil vle di plis pase prezante yon leson chak semèn. Sa vle di tou pran swen manm klas yo. Fè yon efò pou w konnen yo chak endividyèlman. Sa ap ede ou anseye yo pi byen. Yo ka bezwen èd ou lè yo gen pwoblèm, lè yo pa la, oubyen lè yo gen andikap. Sonje parabolè brebi pèdi Sovè a (gade Lik 15:3-6).



Yon estriktè yon timoun ki te konn asiste klas la raman te vin remake ke chak fwa li te kontakte fanmi timoun sa a pandan semèn nan, yo te vin legliz nan Dimanch apre a. Li te fè yon efè pou l pale avèk paran yo souvan epi fè yo konnen li te renmen pitit yo a. Li te menm al chèche timoun nan lekòl yon jou kote paran yo te nan travay pou timoun nan pa t manke yon aktivite klas la t ap fè.

Antanke enstriktè, ou ka fè anpil tou pou pwochen w yo epi ede yo vin konvèti nan levanjil la. Li espesyalman enpòtan avèk nouvo manm yo. Toujou ede yo santi yo lakay yo. Chèche okazyon pou yo patisipe nan klas. Prepare ou pou w anseye verite levanjil yo pa Lespri epi avèk lanmou.

Anseye verite levanjil yo

Sovè a te anseye verite levanjil yo. Li te mete aksan sou premye prensip ak òdonans yo—ki se lafwa, repantans, batèm, ak resevwa don Sentespri a. Li te anseye nou pou youn renmen epi sèvi lòt. Li te anseye prètèriz, alyans, ak òdonans, ak tout sa nou dwe konnen, fè, epi ye pou nou vin a Li menm. Nou dwe anseye levanjil la tou jan li revele nan ekriti ak pawòl pwofèt dènnye jou yo. Sijè mond yo, opinyon pèsònèl yo, ak ansèyman ak ide ki pa baze sou doktrin nan ni ansèyman ki soulve diskisyon yo pa apwopriye.

Sovè a te anseye verite levanjil yo avèk senplisite. Li te itilize langaj ki klè epi ke moun ka konprann, istwa ak egzanp ki soti nan lavi chak jou. Leson yo gen ladan yo anpil ekperyans toulejou ke moun yo ka konprann. Li te pale de chèche yon brebi ki pèdi, chèche yon pyès kòb, epi rejwi sou pitit gason ki te ale a (gade Lik 15).

Sovè a te souvan itilize ekriti yo lè l t ap anseye. Dirije moun w ap anseye yo nan itilize ekriti yo souvan pandan leson yo. Ede yo konprann ke moun nan ekriti yo sete moun reyèl ki te fè eksperyans eprèv ak jwa nan efò yo pou sèvi Senyè a. Poze kesyon k ap pote moun w ap anseye yo jwenn repons nan ekriti yo. Ankouraje chak moun pou yo etidye lakay, epi montre moun w ap anseye yo fason pou yo fè etid ki efektif. Anseye yo kijan pou yo itilize etid k ap ede yo nan ekriti yo. Bayo tach ki mande yo fè rechèch ekriti ak pawòl pwofèt dènnye jou yo.

Anseye pa Lespri

Enstriktè yo dwe chèche gen Lespri Senyè a lè y ap anseye. Yon moun ka anseye verite pwofon yo epi manm klas yo ka angaje nan diskisyon ki estimilan, men si Lespri pa prezan, bagay sa yo pap enpresyone nanm yo ak puisans. Lè Lespri prezan, tout moun ranfòse nan lanmou yo pou Papa nou ki nan Syèl la ak Jezikri, nan lanmou yo youn pou lòt, ak nan

angajman yo pou viv levanjil la. Men kèk bagay nou ka fè pou envite Lespri nan ansèyman nou:

- Kòmanse avèk yon priyè.
- Anseye nan ekriti yo ak pawòl pwofèt yo.
- Rann temwayaj ou
- Pataje eksperyans epi envite lòt moun pou yo fè sa.
- Itilize mizik (gade paj 10–11)
- Montre lanmou ou pou Senyè a ak lòt moun.

Si ou byen prepare ou, Sentespri a ap ba w limyè epi gide ou pandan w ap anseye. Ou ka resevwa enpresyon moun w ap anseye yo ak sa ou dwe mete aksan nan anseye yo. Ou ka resevwa ide ak santiman sou fason ou ka anseye yo avèk plis efikasite. Efè efò dilijan ou ka ogmante amezi w ap obeyi enbleman avèk chichotman Lespri yo. W ap kapab tou ede moun w ap anseye yo rekonèt enflyans Lespri.

Envite aprantisaj dilijan

Senyè a te di pou nou chèche pi bon pawòl sajès yo; chèche aprann, pa letid epitou pa lafwa (D&A 88:118). Chak manm responsab pou gen yon konesans sou verite pa mwayen pwòp efò li. Yon responsablite ens-triktè se reveye lakay lòt moun yo dezi pou yo etidye, aprann, epi viv le-



vanjil la. Pou ranpli responsablite sa a, ou ka fokis sou twa bagay:

1. Reveye epi kenbe enterè moun w ap anseye yo. Yon kle pou fè bagay sa a se pwòp antouzyas ou pou etidye levanjil la. Yon lòt se itilize metòd ansèyman k ap fè leson w yo klè, enteresan, epi fasil pou sonje (gade paj 9–12). Reveye enterè yo espesyalman enpòtan nan kòmansman yon leson. Pandan w ap planifye ansèyman ou, chèche fason pou envite Lespri a, gen atansyon chak moun avèk yon kòmansman enteresan, epi fokis sou doktrin oswa prensip w ap anseye nan leson an.
2. Ankouraje patisipasyon. Planifye pou fè chak moun patisipe nan leson w yo. Ou ka mande yon moun pou li yon sitasyon oubyen yon ekriti oubyen rakonte yon istwa. Ou ka envite yo reponn kesyon yo epi diskite sou leson an. Ou ka mande youn oubyen de moun pou chante

yon chan oubyen jwe yon enstri-man. Ou ka seleksyon nan lapriyè yon moun pou rann temwayaj oubyen pataje yon eksperyans pèsònèl ki pale de sijè leson an. Kèkfwà li enpòtan pou mande patisipasyon sa a alavans pou moun w ap mande yo ka pratike epi santi patisipasyon konfòtab.

Te gen yon enstriktè ki te gen kòm ide prensipal leson li: li Liv Mòmòn an. Li te envite jèn nan klas li yo pou yo panse sou yon pasaj ki te chanje lavi yo. Apre sa li te envite twa oubyen kat moun ki vle pou yo kanpe epi pataje ekriti sa yo avèk klas la epi di nan ki fason pasaj sa yo te chanje lavi yo. Amezi chak moun t ap pataje santiman espesyal pa yo sou pouvwa Liv Mòmòn an, manm klas yo te akeri yon dezi pwofon pou yo li epi medite ekriti yo chak jou.

Gen kè moun ki pa alèz lè yo mande yo pou yo patisipe. Pa mande moun yo pou yo li fò ni priye jiskaske ou si ke yo santi yo alèz pou yo fè sa. Si ou pa gen okenn dout sou bòn volonte yon moun pou l patisipe, mande moun ki vle olye w mande yon mou ki pa alèz. Pi fò moun k ap aprann ap aprann ti kal pa ti kal pou l santi li konfòtab pou patisipe si yo wè yo trete moun k ap patisipe yo avèk respè ak koutwazi.

3. Ede yo aplike sa yo aprann nan.

Ou dwe ede yo tou pou yo aplike sa yo anseye yo a nan sikonstans lavi yo. Sa gen ladan bay tach ak defi ki ka ede manm klas yo aprann eksperyans avèk verite yo anseye yo. Sonje ke aprann levanjil pa ase si w pap viv levanjil.

Kreye yon atmosfè aprantisaj

Pi bon enwiwonman pou aprantisaj levanjil la se yon enwiwonman kote chak moun ki la gen sousi pou aprann lòt manm nan gwoup la. Dezi pou aprann ogmante lè enstriktè yo ak moun k ap aprann yo youn renmen lòt epi youn ede lòt konprann epi viv levanjil la. Lè ou menm ak moun w ap anseye yo travay ansanm pou kreye yon anwiwonman aprantisaj, p ap gen anpil pètibasyon. Ou dwe fè tout sa ou kapab pou kreye yon anwiwonman konsa epi ede moun w ap anseye yo fason pou yo kontribye nan sa.



Men kèk bagay ou ka fè pou ede kreye yon atmosfè aprann:

- Rive rapidman avèk tout materyèl ansèyman ak ekipman ki nesèsè.
- Fè si ke klas la pwòp, annòd, konfòtab, epi san distraksyon otan sa posib.
- Kòmanse epi fini alè.
- Akeyi epi swete chak manm klas yo byenveni, si sa posib.
- Fè bagay ki envite Lespri epi ki ankouraje reverans ak koutwazi.
- Renmen manm klas yo epi ede yo santi yo konfòtab nan patisipe.
- Poze kesyon ki ede manm klas yo fokis sou sijè a.
- Ankouraje manm klas pou youn koute lòt avèk respè ak konpreyansyon.
- Veye konvèsasyon ki ka febli temwayaj yo oubyen ki ka koz Lespri ale.

Menm apre ou fin fè tout sa w kapab pou kreye yon atmosfè aprann, ou ka toujou rankontre kèk pwoblèm. Men

kèk sigjesyon ki ka ede ou rezoud pwoblèm ak defi ki pi fasil pou w rankontre yo:

- Si gen yon dispit, sispann pale jiskaske ou gen atansyon tout moun. Apre sa kontinye leson an.
- Si gen kè moun k ap pale avèk lòt pandan leson an, pale avèk yo anprive apre klas la epi mande yo kisa ou menm avèk yo ka fè pou siksè klas la.
- Si se yon sèl moun ki toujou ap reponn kesyon, fè kòmantè, poze lòt manm klas yo kesyon dirèkteman oubyen byen poli sigjere ke ou ta renmen tande moun ki pa janm patisipe yo.
- Si manm klas yo fè kòmantè ki mennen diskisyon ki kite sijè leson an, reponn a kòmantè yo men dirije diskisyon an tounen sou sijè leson an.

Konpòtman dispit ap diminye amezi w ap jwenn fason pou chak moun nan gwoup la santi yo renmen yo epi akseptè yo epi pou yo patisipe avèk siksè.

Itilize plizyè kalite metòd ansèyman



Gen anpil bagay ki ka rann prezantasyon w yo enteresan epi ede manm klas yo aprann verite levanjil yo. Men kèk sigjesyon:

Itilize istwa yo ak egzanp

Istwa ak egzanp yo reveye epi kenbe atansyon moun yo epi yo montre kijan prensip levanjil yo aplike nan lavi chak jou.

W ap jwenn bèl istwa nan ekriti yo ak nan manyèl enstriktè yo. Anvan leson ou, etidye chak istwa ou planifye pou w itilize. Prati ke rakonte li nan itilize pwòp pawòl pa w. Klas ou a ap koute pi byen si ou rakonte istwa a nan pwòp mo pa ou, olye ou

li li. Epitou, timoun ki pi piti yo ap renmen imite istwa yo.

Yon enstriktè Primè te toujou kòmanse leson li avèk yon istwa ki soti nan ekriti yo. Pa egzanp, lè leson an sete sou bonte, li te rakonte istwa Bon Samariten an. Timoun ou te ka imajine nan lespri pa yo mesye sa a yo te bat la ak mesye sa yo ki te kouri pase byen lwen yo. Yo te enpresyone pa bonte ak diyite Samariten an ki te pwan swen mesye ki te blese a. Timoun yo te konn tann istwa sa yo avèk enpasyans. Enstriktè a te aprann itilize vwa li ak ekspresyon li pou gen atansyon klas la. Manm klas yo te vin pi fanyèl avèk ekriti yo epi enterese nan yo.

Itilize imaj ak objè

Sovè a te souvan itilize bagay ki senp yo lè l t ap anseye. Li te itilize ble, sab, wòch, ak lòt bagay fanmiye pou ede moun yo konprann sa li t ap anseye a. Pa egzanp, li te konpare wayòm Bondye a avèk yon trezò ki si gran ke yon moun ka vann tout sa li genyen pou jwenn li (gade Matye 13:44).



Gade toutotou ou. Ki bagay òdinè ou ka itilize pou ede manm klas yo pi byen konprann prensip levanjil yo?

Ou ka vle itilize senp desen ak imaj pou ilistre prensip levanjil yo. Montre yon imaj ki soti nan Pake Imaj Levanjil yo pandan w ap rakonte yon istwa. Fè desen imaj yo sou tablo a oubyen yon sou yon mòson papye pou rann yon istwa pi enteresan.

Yon enstriktè t ap fè yon leson sou parabol move zèb la. Manm klas yo t ap viv nan yon zòn kote ki te gen fèm, konsa enstriktè a te konnen yo t ap konprann ke jèn ti plant ble a ka detwi lè yo retire move zèb la twò

bonè. Li te prepare yon ti pake tij ble melanje avèk move zèb. Li te montre ti pake sa a tout pandan leson an.

Yon lòt enstriktè te ankouraje manm klas yo pou yo panse sou yon bagay yo ka konpare ak repantans. Yon manm klas la te sijere ke repantan se tankou yon savon, paske li pwòpte ou de peche.

Itilize mizik

Mizik se yon bon mwayen pou envite Lespri Senyè a nan leson w yo. Li ede nou eksprime santiman ki ka mal pou di pa senp mo.



Chan Legliz yo anseye anpil prensip levanjil epi yo ka itilize nan prèske tout leson. Ou ka envite yon moun, yon gwoup, oubyen yon fanmi oubyen yon klas pou chante yon chan ki pale de leson an. Ou ka tou li pawòl yon chan fò pandan yon moun ap jwe akonpayman an. Oubyen ou ka pase yon kasèt chan.

Yon enstriktè te prepare yon leson sou sèvis. Li te chwazi yon chan ki te kore ide prensipal la. Pandan leson an, li te envite yon sè pou l li pawòl chan sa a pandan yon lòt t ap fredone li. Li te mande klas la pou yo medite an silans sou pawòl yo pandan yo t ap li yo. Mizik sa a te ede manm klas yo santi pi fò enpòtans sèvis.

Poze kesyon ki envite panse avèk swen epi kreye diskisyon



Poze bon kesyon k ap ankouraje aprantisaj panse ak diskisyon nan leson ou yo. Kesyon ak diskisyon yo itil nan plizyè fason. Yo ka ede manm klas yo rete atantif pandan yon leson. Ou ka wè si manm klas yo konprann leson an. Youn ka anseye lòt pandan y ap reponn epi diskite kesyon yo. Yo ka aprann fason pou aplike prensip levanjil yo nan pwòp lavi pa yo.

Pandan w ap prepare leson yo, deside ki kesyon ou pral poze. Men kèk si-gjesyon ki ka ede ou.

- Poze kesyon ki ka ede manm klas you panse sou prensip levanjil la epi kijan li ka aplike nan lavi yo. Kesyon ki mande pou yon moun reflechi anvan l raponn toujou kòmanse pa “poukisa?” oubyen “kòman?” Ou dwe jeneralman evite kesyon ki ka reponn sèlman pa “wi” oswa “non” oubyen pa nenpòt repons yon sèl mo.

Pa egzanp, si w ap anseye yon leson sou santre lavi nou sou Sovè a, ou ka poze kesyon sa yo:

“Kisa sa vle di bati sou wòk Kris la?”

“Ki lòt fondasyon ki pa wòk Kris la moun bati lavi yo sou yo kèkfwa?”

“Nan ki fason ou te beni pandan ou t ap bati lavi ou sou wòk Kris la?”

- Poze kesyon ki ankouraje manm klas yo pou yo pataje ide pèsonèl yo ak eksperyans yo. Pa egzanp:

“Poukisa Senyè a kòmande nou pou nou toujou priye?”

“Nan ki fason li reponn priye nou yo?”

- Poze kesyon ki ka ede manm klas yo aplike prensip levanjil yo nan lavi yo. Pa egzanp:

“Nan ki fason nou ka pi byen prepare tèt nou pou n resevwa repons priye nou yo?”

“Nan ki fason nou ka vin konnen Jezikri se Sovè mond lan?”

“Kijan nou ka ranfòse temwayaj nou ke Joseph Smith se yon pwofèt Bondye?”

Si yon moun poze yon kesyon ou pa ka reponn, mande manm klas yo pou yo ede ou reponn li, oubyen di moun nan ke w ap jwenn repons lan apre.

Pa bay tèt ou pwoblèm si manm klas yo rete an silans pandan kèk segonn apre ou fin poze yon kesyon. Yo ka souvan bezwen tan pou panse sou repons yo. Sepandan, si yo sanble yo pa konprann kesyon an, ou ka bezwen repoze kesyon an yon lòt fason. Lè w poze yon moun yon kesyon, li ta bon pou w rele l pa non li epi poze l kesyon an.

Finalman, pran prekosyon pou w pa fini yon bon leson twò vit san ou pa prezante tout materyèl ou te prepare yo. Sa ki pi bon sèke manm yo santi enfluyans Lespri a, ogmante konpreyansyon yo sou levanjil la, aprann aplike prensip levanjil yo nan lavi yo, epi ranfòse angajman yo pou yo viv levanjil la.

Envite envite espesyal yo

Okazyonèlman ou ka vle envite yon envite espesyal pou l vini nan klas ou. Ou ka mande yon manm legliz pou l bay yon rapò, pataje yon istwa, oubyen rann yon temwayaj. Fè moun sa a konnen alavans konbyen tan li dwe pran. Mande akò evèk ou oubyen prezidan branch ou anvan ou envite yon envite ki pap viv nan pawas ou oswa branch ou.

Yon prezidan kolèj ansyen te envite yon lòt manm pou l vini epi li te di ansyen yo fason pou yo rann mesaj ansèyman nan fwaye yo enteresan pou timoun y ap vizite yo. Ansyen yo pa t sèlman jwenn yon nouvo konpreyansyon sou lefèt ke timoun yo bezwen patisipe nan vizit ansèyman nan fwaye yo, men tou yo te resevwa anpil sigjesyon sou fason pou yo ede timoun yo patisipe.

Itilize aktivite

Aktivite ki senp ki anrapò a leson an ka ede manm klas yo, espesyalman timoun yo ak jèn yo, pou yo aprann prensip levanjil yo. Aktivite sa yo dwe apwopriye a aprantisaj levanjil la. Anpil manyèl leson Legliz la gen sigjesyon pou aktivite.

Prepare leson ou



Li enpòtan pou ou prepare leson ou pral anseye a avèk swen pou ou ka prezante prensip levanjil la avèk plis efikasite. Sigiesyon sa yo ka ede ou prepare yo.

Chèche resous yo

Legliz la prepare avèk swen materyèl kourikoulòm ki apwouve ki baze sou ekriti yo ak ansèyman pwofèt dènnye jou yo. Mande dirijan prèttriz ou ou-byen dirijan òganizasyon oksilyè ou ki bò w ap jwenn resous sa yo pou w ka itilize yo:

- Yon manyèl enstriktè ki pibliye pa Legliz la pou klas ou a
- Liv ekriti yo pou manm klas yo

- Magazin legliz yo ki gen ansèyman sou pwofèt dènnye jou yo
- Èd etid ekriti ki disponib nan lang pa ou
- Imaj yo ki rele Pake Imaj Levanjil la, ki sipoze nan bibliyotèk legliz ou a



Chèche sijè ki disponib yo konsa ou ka planifye kijan w ap itilize yo nan leson ou yo. Ou pa bezwen materyèl ki konplike pou w yon bon enstriktè. Kris te anseye plizyè leson nan enb antouraj li. Enfliyans ki pi enpòtan nan ansèyman w lan se Lespri. Itilizasyon resous ansèyman apwopriye yo avèk gidans Sentespri a bay pi gwo posiblite pou aprann levanjil la.

Kòmanse prepare bonè

Prepare leson w yo bonè. Li souvan itil pou kòmanse etid leson yo kèk semèn anvan w anseye yo. Sa pèmèt ou gen tan pou w panse epi priye sou sijè leson yo epi prepare yo byen.

Santre sou bi leson an

Chak leson w ap anseye dwe gen yon objektif. Pa egzanp, objektif leson sou dim dwe se pou ede manm klas yo konprann benediksyon dim ak enpòtans jèn pou yon bi espesifik jou Dimanch jèn nan. Prezantasyon ak diskisyon nan leson yo dwe santre sou objektif la.

Pou deside sou objektif yon leson, etidye materyèl leson an ak ekriti ki akonpaye yo. Mande Senyè a pou l ede w konprann mesaj ki pi enpòtan ki nan leson sa a pou moun w ap anseye yo. Poze tèt ou kesyon, “Kisa ki ka rive nan lavi moun m ap anseye yo kòm rezilta leson sa a?” Anpil leson nan manyèl leson Legliz la fè

yo gen eksplike objektif yo. Eksplikasyon sa yo ka ede ou deside kijan chak leson dwe enfliyanse moun w ap anseye yo.

Deside sa pou w anseye

Aprè ou fin detèmine objektif leson an, deside ki prensip ki dwe anseye pou akonpli bi sa a. Pi fò manyèl yo gen ekriti, istwa, ak lòt enfòmasyon ki ede anseye leson an. Men souvan yon leson gen plis materyèl pase sa nou ka anseye nan ti tan yo bay la. Nan ka sa yo, ou dwe seleksyone materyèl k ap pi itil pou moun w ap anseye yo. Poze tèt ou kesyon, “Ki doktrin ak prensip nan leson an ki ap ede manm klas yo fè fas a pwoblèm yo rankontre souvan?”

Si w bezwen materyèl ki pa nan manyèl yo ni nan ekriti yo, itilize istwa ak diskou ki nan *Mesaj Premye Prezidans yo*, *Mesaj Vizit Ansèyman yo*, ak magazin *Legliz yo*, espesyalman mesaj konferans jeneral yo.

Pandan w ap deside sa pou w anseye:

- Etidye kontni leson an nan lapriyè.
- Fè yon lis prensip kle ak doktrin ki nan leson an.
- Toujou sonje bezwen ak eksperyans moun w ap anseye yo.
- Suiv gidans Lespri a.

Li toujou pi bon pou santre sou youn oubyen de prensip prensipal.

Deside nan kijan pou w anseye

Apres ou fin deside sa w ap anseye, ou dwe deside kijan w ap anseye li. Etidye materyèl la epi medite nan la-priyè ki pi bon fason ou ka prezante li bay moun w ap anseye yo. Metò ou itilize yo dwe ede moun yo konprann epi aplike sa ou anseye yo.

Etidye ekriti yo avèk swen, ak lòt enfòmasyon yo diskite nan leson yo ak tout lòt ekriti ki ap ede ou anseye doktrin lan oubyen prensip la. Prepare pou w ede manm klas yo konprann kijan ekriti yo aplike nan lavi yo (gade 1 Nefi 19:23).

Toujou konsidere itilize istwa ak egzanp ki soti nan lavi ou ak lavi manm klas yo. Pa egzanp, yon jèn timoun te kite fimèn apre yon klas prèt-ritiz sou Pawòl Sajès la kote enstriktè a te dekri pwòp eksperyans frè li pou simonte abitud sa a. Egzanp sa a te montre ke yon moun ki fimèn ka chanje abitud sa a. Tande istwa sa a te ede manm klas la detèmine sa li ka chanje nan pwòp lavi pa li.

Pou enfòmasyon sou metòd ansèyman k ap ede ou prezante leson an, gade paj 9–12 nan liv gid sa a.

Planifye yon konklizyon

Sovè a te souvan rezime sa l te anseye yo epi ankouraje moun yo pou yo aplike li nan lavi yo (gade parabòl Bon Samariten an, nan Lik 10:30–37). Nan fen yon leson, ou dwe repase epi fè rezime sa ki te anseye yo. Sigjere mwayen pou manm klas yo ka aplike doktrin oswa prensip levanjil yo epi envite yo pou yo sigjere lòt. Ankouraje yo pou yo eseye youn nan ide yo pandan semèn k ap vini an. Nan dènye leson yo, ou ka mande yo kisa yo te aprann sou efò yo.

Etidyan nan yon klas enstriktè te envite pou rann yon zak sèvis anonim chak jou nan semèn nan. Nan kòmansman peryòd pwochèn klas la, enstriktè a te mande yon ti rapò. Anpil manm klas la te cho pou yo pataje eksperyans yo ak jwa yo te santi nan mete leson sa a an pratik. Repons positif manm klas sa a te motive lòt moun pou yo rann pi gwo sèvis yo menm.

Konprann moun w ap anseye yo



Li enpòtan pou konprann moun w ap anseye yo. Konsidere matirite ak eksperyans manm klas ou yo. Moun laj diferan gen bezwen diferan epi yo aprann nan fason ki diferan.

Timoun

Timoun yo grandi fizikman, sosyalman, emosyonèlman, epi espirityèlman. Pandan w ap prepare leson ou, sonje talan, kapasite, ak bezwen timoun yo.


Timoun yo renmen varyete. Itilize ti istwa ki kout, jwèt ki senp, imaj, objè leson, ak chan pou kapte atansyon yo.

Timoun yo ap aprann sou pataje, bonte, ak pasyans. Ede yo simonte feblès yo nan domèn sa yo nan fè yo sonje egzanp Jezi epi ankouraje yo pou yo suiv Li.

Timoun yo konfyan epi yo kwè fasil. Y ap kwè sa w ap anseye yo a. y ap gade tou epi suiv egzanp ou.

Jenès yo

Peryòd ant anfans ak laj grandèt kèkfwa difisil epi bay pwoblèm. Manm klas yo ka gen anpil responsablite nan fanmi yo, nan lekòl, epi nan travay. Men kèk sigjesyon ki ka ede w enfliyanse jèn moun yo byen.



Prepare chak leson pou l aplike dirèkteman a lavi yo. Ede yo wè kijan levanjil la ka reponn kesyon yo epi ede yo fè bon chwa.

Jèn moun yo ka santi yo poukont yo oubyen yo santi yo pa apresye yo. Ede chak moun vin yon pati ki enpòtan nan klas ou. Fè pati yon gwoup avèk prensip levanjil yo bay jèn yo fòs espi-riyèl epi ede yo kenbe lavi yo pi.

Montre ke w respekte opinyon yo. Ankouraje yo pou yo patisipe nan leson an epi diskite ide yo avèk ou epi youn avèk lòt.

Granmoun yo

Manm klas granmoun yo gen laj diferan epi yo gen eksperyans ki diferan. Itilize diferans sa yo pou anrichi klas ou. Ankouraje manm klas yo pou yo pataje sajès yo aprann sou eksperyans yo fè. Itilize talan yo.

Anseye verite levanjil yo avèk senplisite. Sentespri a ap ede manm klas yo konprann epi aplike verite yo nan lavi yo chak.

Rekonpans ansèyman yo



Antanke yon enstriktè, ou ka fè eksperyans lajwa ki vini nan ede lòt moun grandi nan konesans yo sou levanjil la. Efò dilijan epi fidèl ou pou anseye levanjil la ap ede lòt yo devlope pi gwo temwayaj sou Sovè a epi viv kòmandman yo.

Yon enstriktè Lekòldidiman ch te bay tèt li pwoblèm anpil paske te gen anpil lòt moun nan klas li ki te pi kalifye pase li pou anseye. Li t ap mande tèt li si ansèyman l yo te gen yon bon enfliyans sou chak moun. Epi yon jou Dimanch yon manm klas te vin pale an prive avèk enstriktè a apre klas. Li te di l ke grasa eksperyans mari li avèk Lespri nan klas la, kounyeya li te angaje li pou l sanble fanmi li ansanm chak jou pou priyè familyal. Li te pran

angajman tou pou l prepare li pou l ale nan tanp pou l sele avèk fanmi li. Manm klas la te eksprime lanmou li ak gwo apresyasyon li pou tout efò enstriktè a te fè pou envite Lespri nan klas li a. Lè sa a kè enstriktè a te vin plen ak imilite, epi li te vin konprann vrè bi ak rekonpans ansèyman.

Pandan w ap anseye, w ap beni ansanm avèk elèv ou yo. Pwòp konesans ou sou levanjil la ak temwayaj ou sou Sovè a ap ranfòse pandan w ap etidye, prepare, epi anseye lesou levanjil yo. W ap santi pi gwo lanmou pou lòt moun. W ap santi yon pi gwo devèsman Lespri nan lavi ou pandan w ap enbleman epi dilijaman eseye viv sa w ap anseye yo. Lavi ou ap vin anrichi pa sèvis ou antanke enstriktè.

Kontwole amelyorasyon enstriktè nan branch lan



Prezidans branch lan responsab kalite ansèyman nan branch lan.

Responsablite kowòdonatè amelyorasyon enstriktè yo

Amezi kantite manm nan branch lan ap ogmante, yon manm prezidans branch lan aple epi mete apa yon kowòdonatè amelyorasyon enstriktè pou voye je sou amelyorasyon enstriktè yo. Kowòdonatè a ka oubyen yon fi oubyen yon gason. Li se yon manm konsèy branch lan epi li sèvi kòm yon resous pou dirijan prèttriz yo ak òganizasyon oksilyè yo ak enstriktè yo nan efò yo pou amelyore ansèyman levanjil la. Kowòdonatè a ede dirijan yo planifye epi dirije reyinyon

amelyorasyon enstriktè yo epi, lè yo ba l tach la, li anseye Kou ansèyman levanjil la.

Dirijan dwe bay enstriktè sipò

Dirijan prèttriz yo ak òganizasyon oksilyè yo responsab kalite ansèyman levanjil la nan òganizasyon yo. Yo bay egzanp ansèyman siperyè epi yo ede enstriktè yo konprann enpòtans apèl yo. Yo eksprime apresyasyon yo epi yo bay asistans ak ankourajman a enstriktè y ap sèvi avèk yo a. Ekselans ansèyman nan legliz la ap amelyore pandan ke dirijan yo ap bay sipò yo ak ankourajman yo a enstriktè ki nan òganizasyon yo a.

Reyinyon amelyorasyon pou Enstriktè yo

Chak dirijan prètriz ak òganizasyon oksilyè ak enstriktè dwe asiste yon reyinyon amelyorasyon pou enstriktè chak twa mwa pou yo aprann prensip, metòd, ak talan pou amelyore aprantisaj ak ansèyman levanjil la. Kowòdonatè amelyorasyon enstriktè a prepare orè epi planifye reyinyon amelyorasyon enstriktè yo ansanm avèk dirijan prètriz yo ak òganizasyon oksilyè yo. Reyinyon an dwe fèt nan lè k ap pi bon pou enstriktè yo ak dirijan yo men yo pa dwe deranje orè reyinyon Dimanch yo. Jeneralman, reyinyon yo pa dwe dire plis pase inèdtan.

Yon reyinyon pou amelyorasyon enstriktè dwe gen ladan:

- Yon mesaj tou kout de yon manm nan prezidans branch lan oubyen yon dirijan prètriz oubyen yon dirijan òganizasyon oksilyè sou yon prensip ansèyman oswa yon prensip aprantisaj.
- Yon prezantasyon yon metòd ansèyman pa yon dirijan prètriz oswa yon dirijan òganizasyon oksilyè oswa yon enstriktè.
- Tan pou enstriktè yo ak dirijan yo pataje ide yo epi diskite sou fason pou ede manm klas yo.

Amezi kantite enstriktè ak dirijan ap ogmante nan branch lan, yon reyinyon pou amelyorasyon enstriktè dwe fèt chak trimès pou:

- Enstriktè ak dirijan ki responsab manm ki gen dizuitan yo epi plis.
- Enstriktè ak dirijan ki responsab manm ki gen douzan rive nan disentan yo
- Enstriktè ak dirijan Primè yo.

Reyinyon sa yo ka pwograme pou youn fèt chak mwa.

Kou ansèyman levanjil la

Kou ansèyman levanjil la bay yon fondasyon pou ede manm vin pi bon enstriktè levanjil nan fwaye yo ak nan reyinyon legliz yo. Gen yon modèl kou sa a nan paj 21–22 nan liv gid sa a. Kowòdonatè pou amelyorasyon enstriktè a anseye kou a amwenske prezidans branch lan aple yon lòt manm nan branch lan pou fè sa.

Prezidans branch lan envite manm yo pou yo pran kou sa a. Jeneralman, pa dwe gen plis pase 10 manm nan kou a an menm tan, pou pèmèt chak moun byen patisipe.

Modèl pou kou ansèyman levanjil la

Kou ansèyman levanjil la bay tout manm Legliz yo opòtinite pou yo aprann kijan pou yo vin pi bon enstriktè. Enstriktè kou a se kowòdonatè pou amelyorasyon enstriktè yo oubyen yon lòt enstriktè ki gen eksperyans ki aple pa prezidan branch lan. Kou sa a dwe fèt nan lè Lekòldidimanch oubyen nan yon lòt lè ki bon pou branch lan. Si kou a ap fèt pou dirijan ak enstriktè yon òganizasyon an patikilye, li dwe anseye kòm yon pati reyinyon regilye pou dirijan yo. Kote distans ak fasilite ki pa disponib fè ke l difisil pou manm yo suiv Lekòldidimanch, yo dwe panse fè yon konbinezon etid nan fwaye ak pa sèlman kèk reyinyon klas (chak ap kouvri plizyè leson).

Liv sa a bay ide pou chak leson. Lè enstriktè a ap prepare leson an, li dwe itilize sigjesyon ki nan seksyon ki rele "Itilize plizyè kalite metòd ansèyman" an. Nan fen chak leson, enstriktè a dwe ankouraje manm klas yo pou yo mete an pratik sa yo te aprann nan, keseswa nan yon klas legliz la oubyen nan sware familyal. Sa ap ogmante anpil devlopman yo kòm enstriktè. Sof jan yo di l la, kou a dwe anseye nan yon peryòd uit semèn selon orè nou pral bay la a. Sigjesyon sa yo se pou moun k ap fè kou a.

Premye semèn

Bay chak manm klas la yon liv sa a epi repase sa k ladan l. Santre leson an sou entwodiksyon an ak seksyon ki rele "Prepare tèt nou espiyèlman an." Mete aksan sou enpòtans mizapa ak viv levanjil la pou kalifye pou gen Lespri a.

Dezyèm semèn

Fokis sou "Renmen moun w ap anseye yo" ki nan seksyon ki rele "Anseye nan fason Jezi te anseye" a. Refere tou a karakteristik gwoup laj ki nan paj 16–17 nan liv gid sa a. Mande manm klas yo pou yo pataje eksperyans kote konpreyansyon oubyen rive atenn manm fanmi yo oswa manm klas yo nan lanmou te gen yon efè pozitif. Ou ka swete tou diskite sou fason enstriktè yo ka atenn epi nourri chak manm selon bezwen yo, espesyalman nouvo konvèti yo ak manm ki domaje yo.

Twazyèm semèn

Fokis sou "Anseye verite levanjil yo" ki nan seksyon ki rele "Anseye nan fason Jezi te anseye." Mete aksan sou enpòtans pou anseye doktrin nan fidèlman, klèman, epi senpleman, pandan w ap itilize ekriti yo nan ansèyman an epi tabli yon plan pou etid pèsonèl levanjil la.

Katriyèm semèn

Fokis sou “Anseye pa Lespri” ki nan seksyon ki rele “Anseye nan fason Jezi te anseye” a. Ede manm klas yo pou santi yo ankouraje pou yo kalifye pou gen Lespri a nan ansèyman yo. Ede yo aprann rekonèt epi suiv Lespri a.

Senkyèm semèn

Fokis sou “Envite aprantisaj dilijan” ki nan seksyon ki rele “Anseye nan fason Jezi te anseye” a. Mete aksan sou fason espesifik enstriktè yo ka ede moun y ap anseye yo aksepte responsablite yo pou aprann levanjil la epi viv li pi byen.

Sizyèm semèn

Fokis sou “Kreye yon atmosfè aprantisaj” ki nan seksyon ki rele “Anseye nan fason Jezi te anseye” a. Ede manm klas yo konprann kijan pou yo ede kreye yon atmosfè kote chak moun ap patisipe epi anvè aprann.

Setyèm semèn

Fokis sou seksyon ki rele “Itilize plizyè kalite metòd ansèyman.” Devlope yon leson ki mande panse epi kreyativite, materyèl nan seksyon sa a ka itilize anpil. Mande manm klas yo pou yo montre oubyen pataje eksperyans yo te fè avèk metòd ansèyman ki te diskite nan seksyon an.

Uityèm semèn

Fokis sou seksyon ki rele “Prepare leson ou.” Ede manm klas yo konprann enpòtans pou yo kòmanse prepare leson yo bonè, epi diskite sou fason pou planifye epi prezante leson yo pi byen.

Nan pwèn apwopriye yo pandan leson an, ou dwe mete aksan sou eleman ki nan seksyon ki rele “Rekonpans ansèyman yo.” Mande manm klas yo pou yo pataje fason enstriktè yo te beni lavi yo ak fason yo te gen posiblite ede lòt moun antanke enstriktè.

Lè kou an fini, ankouraje moun ki te patisipe yo pou yo kontinye amelyore yo antanke enstriktè. Si yo fèk aple pou anseye yon klas, dirijan prèttriz yo ak dirijan òganizasyon oksilyè yo dwe rankontre yo epi bayo yon ti kout oryantasyon sou klas la ak manm klas la yo. Apre sa, yo dwe toujou bay rapò pwogrè yo epi pale sou bezwen ak pwoblèm yo avèk dirijan prèttriz yo oswa òganizasyon oksilyè yo. Yo ka envite yon dirijan pou l vizite klas yo a epi ede yo nan nenpòt fason. Kowòdonatè pou amelyorasyon enstriktè a se yon sous san fen pou ede tout enstriktè — ladan yo sa ki aple pou anseye yon klas, sa ki ap anseye nan fanmi yo, ak sa ki ap anseye pati responsablite dirijan yo.

Jwenn materyèl Legliz yo epi chèche enfòmasyon sou Istwa Familyal

Dirijan lokal yo ak lòt manm yo ka jwenn materyèl Legliz yo, ki gen ekriti yo, kou pou etid yo, magazin Legliz yo, gaman, ak rad tanp, nan sant distribisyon Legliz la oubyen nan sèvis sant nan Sant Distribisyon Salt Lake la, oswa sou sit Entènèt Legliz la ki se www.lds.org.

Enfòmasyon sou istwa familyal disponib sou sit Entènèt istwa familyal Legliz la, ki se www.familysearch.org.

